

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Babad mangrupa carita anu miboga ajén sajarah atawa deukeut hubunganana jeung sajarah, (Darusuprta dina Ekadjati, 1982, kc.1). Tina sawangan sastra, babad téh mangrupa carita wanda heubeul anu medar riwayat luluhur atawa kajadian-kajadian penting jaman baheula di salasihiji daérah, biasana ti mimiti ngabedah (muka) éta wewengkon. Nilik eusina, karep nu nyarusun babad téh bangun rék nulis sajarah. Malah judul-judulna ogé, di antarana, aya anu tandes ngagunakeun kecap sajarah. Tapi tacan diaku sajarah sabab mindeng kaselapan bagian-bagian anu sipatna rékaan, atawa tacan katarima ku panguji disiplin (élmu) sajarah (Iskandarwassid, 1996, kc. 17).

Nurutkeun Ekadjati, (1982, kc. 1) istilah babad dina sastra Sunda asalna tina basa Jawa. Saméméhna, pikeun harti anu sarua digunakeun istilah carita, saperti: *Carita Parahiyangan*, *Carita Ratu Pakuan*, (Atja dina Ekadjati, 1982, kc. 1), jeung *Carita Waruga Guru* (Pleyte dina Ekadjati, 1982, kc. 1). Salian ti éta, kecap babad ogé sok diganti ku kecap sajarah, saperti: *Sajarah Sukapura*, *Sajarah Cijulang*, jeung *Sajarah Galuh* (Ekadjati, 1982, kc. 1). Anapon carita anu bakal ditalungtik dina ieu panalungtikan téh nya éta Sajarah Cijulang.

Naskah-naskah anu sumebar di masarakat eusina ngandung rupa-rupa aspék, boh anu eusina ngeunaan sajarah, atikan, agama, boh sastra. Naskah Sajarah Cujulang mangrupa salasihiji naskah sajarah anu eusina nyaritakeun silsilah luluhur urang Cijulang. Ku ayana éta naskah urang bisa nyaho sajarah, atikan, jeung hal-hal séjén anu aya mangpaatna keur urang anu hirup di jaman kiwari.

Kaayaan naskah jaman kiwari béda pisan jeung jaman baheula. Kiwari naskah Sunda henteu digunakeun deui ku masarakat. Hal éta katitén ku héséna meunang informasi ngeunaan naskah Sunda di masarakat. Hal éta disababkeun ku sababaraha hal, saperti naskah Sunda geus henteu digunakeun dina kahirupan

sapopoé; ku kituna loba masarakat anu henteu apal kana naskah Sunda; tulisan naskah anu henteu ilahar jeung jaman kiwari; leungit; atawa ruksak. Salian ti éta, héséna meunangkeun informasi ngeunaan naskah disababkeun ogé ku sikep nu boga naskah. Aya anu nganggap naskah salaku barang penting, salaku barang biasa, salaku barang anu teu penting, aya ogé anu nganggap naskah salaku barang pusaka jeung dikaramatkeun sarta boga kakuatan gaib nepi ka éta naskah disumputkeun (Djamaris, 2002, kc. 11).

Naskah Sajarah Cijulang mangrupa salasahiji naskah anu masih kénéh dikaramatkeun ku sawatara kelompok masarakat. Éta kelompok téh percaya kana sawatara mitos anu raket patalina jeung éta sajarah. Saperti éta naskah téh teu meunang dibaca dina poé Salasa jeung poé Sabtu, teu meunang di poto, jeung teu meunang diinjeumkeun ka sagawayah jalma.

Naskah Sajarah Cijulang masih kénéh dibaca ku masarakat kacamatan Cigugur, kabupatén Pangandaran dina bulan Muharam, bulan Mulud, jeung malem-malem kaliwon anu tangtu. Sok sanajan kitu, henteu sakabéh masarakatna apal kana naskah Sajarah Cijulang.

Tina sajarah luluhur anu aya dina éta naskah téh loba élmu, piwuruk, tur ajén anu bisa diconto ku urang anu hirup jaman kiwari, salah sahijina nya éta pikeun kahirupan jeung atikan di masarakat.

Panalungtikan ngeunaan naskah Sajarah Cijulang patali jeung widang sastra, sajarah, jeung kabudayaan. Patalina jeung sastra, naskah sajarah Cijulang bisa méré informasi ngeunaan kagiatan sastra, wanda karya sastra jaman baheula, sarta kumaha cara midangkeun caritana. Patalina jeung sajarah, naskah Sajarah Cijulang bisa dijadikeun référénsi kasajarahana. Anu pamungkas, patalina naskah Sajarah Cijulang jeung kabudayaan nya éta naskah Sajarah Cijulang bisa méré gambaran ngeunaan kabudayaan masarakat jaman baheula.

Fungsi atikan dina kontéks kabudayaan kacida pentingna, lantaran salah sahiji fungsina nya éta pikeun ngawariskeun ajén-inajén kamanusaan anu sumberna tina budaya bangsa. Salah sahiji sumber atikan téh nya éta tina kabudayaan anu aya di lingkungan sabudeureun, anu kiwari leuwih dipikawanoh salaku “kearifan lokal”.

Kearifan lokal (*local wisdom*) mangrupa gagasan-gagasan jeung pangaweruh di éta tempat anu sipatna wijaksana, pinuh kearifan, miboga ajén luhung, anu dipibanda, dijadikeun tetekon, sarta dilaksanakeun ku anggota masarakatna. Kearifan lokal bisa dijadikeun acuan dina prakték atikan dina ngawangun generasi bangsa anu berkarakter anu salasahijina bisa kapaluruh dina sajarah.

Pikeun maluruh kumaha gambaran Sajarah Cijulang jeung ngungkab eusi nu ditepikeun dina sajarah Cijulang, tangtu kudu matalikeun jeung tiori. Anapon tiori anu dipaké téh nya éta strukturalisme, semiotik, jeung étnopédagogik. Nurutkeun Hawkes dina Pradopo (2010, kc, 37) strukturalisme disawang salaku cara mikir ngeunaan dunya sastra anu nyoko kana susunan hubunganana. Ku kituna, kodrat unggal unsur dina sistem struktur bakal miboga ma'na upama patali jeung unsur séjénna.

Hiji struktur kudu disawang salaku hiji totalitas. Ku kituna, sanajan diwangun ku sajumlah struktur anu leuwih leutik anu aya sahandapeunana, sakabéhna ngawangun hiji totalitas dina struktur anu leuwih jembar. Struktur henteu statis, tapi mangrupa hiji hal anu bisa ngalaman proses transformasi, kusabab konsép struktur lain ngan saukur '*terstruktur*' (*structure*), hiji kaayaan, tapi '*menstruktur*' (*structurant*), hiji hal anu miboga proses. Jadi, struktur bisa mekar boh ku ayana pangaruh ti jero boh pangaruh ti luar. Salaku hiji wangun, struktur diwangun ku sajumlahing komponén anu ngawangunna. Upama aya komponén anu leungit atawa robah, mangka struktur bakal ngatur dirina sorangan (Hoed, 2011, kc. 29).

Pikeun ngungkab leuwih jero ngeunaan unsur sinkronisna dina ieu panalungtikan digunakeun ogé tiori lianna nya éta semiotik. Nurutkeun Hoed (2011, kc. 3) semiotik mangrupa élmu atawa métode analisis pikeun ngulik tanda. Tanda mangrupa hiji hal anu ngawakilan hal séjén anu mangrupa pangalaman, pikiran, rasa, gagasan, jeung sajabana.

Panalungtikan ngeunaan Sajarah Cijulang kungsi dilaksanakeun ku Ruswendi Permana dina taun 1996 mangrupa tésis di Program Pascasarjana Universitas Padjajaran anu judulna "*Sajarah Cijulang: Sebuah Kajian Filologis*",

Uyi Kodariah dina taun 2014 mangrupa skripsi di Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni UPI anu judulna *Sajarah Cijulang: Kritik Téks, Tinjauan Isi, dan Tinjauan Fungsi*. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nya éta ieu panalungtikan maluruh struktur, unsur semiotik, jeung ajén étnopédagogik anu nyampak dina naskah Sajarah Cijulang.

Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Sajarah Cijulang (Ulikan Struktural, Semiotik jeung Étnopédagogik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Naskah Sajarah Cijulang bisa dipaluruh ngagunakeun rupa-rupa disiplin élmu, saperti élmu sastra, sajarah, sosiologi, antropologi, jeung élmu basa. Anu dipaluruhna ogé bisa rupa-rupa, bisa tina segi budayana, segi antropologisna, boh segi sosiologisna. Salian ti éta loba vérsi naskah Sajarah Cijulang, boh anu masih tulisan Arab-Pegon boh anu geus ditransliterasi. Sangkan ambahanna teu lega teuing, ieu panalungtikan diwatesanan pikeun nganalisis naskah Sajarah Cijulang koléksi Perpustakaan Nasional Republik Indonesia. Watesan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha déskripsi naskah Sajarah Cijulang?
- 2) Kumaha struktur carita Sajarah Cijulang?
- 3) Unsur-unsur semiotik naon baé anu aya dina carita Sjaraha Cijulang?
- 4) Ajén étnopédagogik naon baé anu aya dina carita Sajarah Cijulang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan téh mangrupa salasihiji udagan nu kudu dihontal dina unggal panalungtikan. Hal ieu sangkan udaganana teu méngpar tina rumusan nu geus dirarancang saméméhna. Tujuan dina ieu panalungtikan aya dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun maham eusi salasihiji karya sastra, bisa ngungkab ajén-ajén budaya heubeul salaku léngkah pikeun

ngamumulé budaya nasional, sarta pikeun mikawanoh hasil pamikiran masarakat dina jaman baheula.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Naskah Sajarah Cijulang;
- 2) Struktur carita Sajarah Cijulang;
- 3) Unsur-unsur semiotik anu aya dina carita Sajarah Cijulang; jeung
- 4) Ajén étnopedagogik anu aya dina carita Sajarah Cijulang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna tioritis jeung nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun dunya atikan. Ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh urang utamana anu raket patalina jeung usaha mertahankeun sastra buhun anu patali jeung sajarah.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis hususna pikeun nu nalungtik, jeung masarakat.

1.4.2.1 Pikeun nu nalungtik

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan carita Sajarah Cijulang, hususna ngeunaan struktur, unsur semiotik, jeung ajén étnopédagogik anu aya dina carita Sajarah Cijulang tur bisa numuwuhkeun kasadaran dirina kana pentingna dokuméntasi sajarah.

1.4.2.2 Pikeun masarakat

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun kareueus masarakat kana sajarah daérahna, tur bisa ngamumulé jeung ngajaga sajarah karuhunna sangkan henteu leungit.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan ieu tésis kabagi jadi lima bab nya éta:

BAB I : Bubuka

Medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulis.

BAB II : Ulikan Pustaka

Medar tiori-tiori anu dipaké dina panalungtikan, anu ngawengku filologi, naskah, sastra, strukturalisme, semiotik jeung étnopédagogik; panalungtikan saméméhna; jeung raraga mikir.

BAB III: Métoeu Panalungtikan

Medar desain panalungtikan, métode panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, léngkah-léngkah ngumpulkeun data, téhnik analisis data, jeung léngkah-léngkah analisis data.

BAB IV: Hasil jeung Bahasan

Medar ngeunaan hasil jeung bahasan panalungtikan, anu ngawengku déskripsi naskah Sajarah Cijulang, hasil analisis unsur struktural, unsur semiotik, jeung ajén étnopédagogik tina naskah Sajarah Cijulang.

BAB V: Kacindekan jeung Saran.

Medar kacindekan tina hasil analisis data anu dipedar dina bab saméméhna. Lian ti éta, diébréhkeun ogé sawatara rékoméndasi pikeun kamekaran élmu pangaweruh dina widang atikan jeung panalungtikan ka hareupna.